ऊ जे केरवा जे फरेला# खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए+।
मारबो^ रे सुगवा** धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित* होई ना सहाय ॥

ऊ जे नारियर जे फरेला खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए ।
मारबो रे सुगवा धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित होई ना सहाय ॥

अमरुदवा जे फरेला खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए ।
मारबो रे सुगवा धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित होई ना सहाय ॥

शरीफवा जे फरेला खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए ।
मारबो रे सुगवा धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित होई ना सहाय ॥

ऊ जे सेववा जे फरेला खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए ।
मारबो रे सुगवा धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित होई ना सहाय ॥

सभे फलवा जे फरेला खबद से,
ओह पर सुगा मेड़राए ।
मारबो रे सुगवा धनुख से,
सुगा गिरे मुरझाए ।

ऊ जे सुगनी जे रोएली वियोग से,
आदित होई ना सहाय ॥

*आदित = आदित्य/सूर्य/सूरज
+मेड़राए = मंडराए

**^**मारबो **=** मारुंगा/मारुंगी
**#**फरेला **=** फलता है/फल
**सुगवा = तोता